



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 13.3 MILYON DOLA YO BAY POU KONSTRIKSYON
LOJMAN SIPÒ IJANS AK PÈMANAN**

***Pwojè yo mete aksan sou nesosite pou gen plizyè opsyon lojman pou ede
Nouyòkè yo ki nan sitiyaasyon sanzabri***

***Bidjè egzekitif ane fiskal 2024 Gouvènè a kontinye 128 milyon dola nan finansman
anyèl pou Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri a***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo bay plis pase 13.3 milyon dola pou ede elaji ak prezève lojman sipò ijans ak pèmanan pou moun ak fanmi ki nan sitiyaasyon sanzabri yo. Yo te bay finansman pou pwojè ki pral kreye 51 apatman nan Bronx ak yon nouvo abri ijans 80 kabann pou fanmi yo nan Konte Erie. Yo te bay finansman tou pou ede fè reparasyon nan abri ijans ki egziste nan konte Oneida ak Chautauqua.

"Plizyè kalite pwojè sa yo pral elaji aksè nan lojman abòdab pandan y ap ede bay kay ki an sekirite, pwoteje pou kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè yo fini, estrikti sa yo pral ede pote estabilite nan lavi Nouyòkè nou yo ki nan sitiyaasyon sanzabri -- ede yo bati yon baz pou yon pi bon avni".

Finansman an soti nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) a, ki se yon eleman enpòtan nan plan global Gouvènè Hochul la pou rann lojman pi abòdab, ekitab ak estab nan New York. Bidjè eta ane fiskal 2023 ki adopte a te gen ladan plan lojman global sou senk ane ki koute 25 milya dola Gouvènè a ki pral ogmante rezèv lojman an gras a kreyasyon oswa prezèvasyon 100,000 kay nan pri abòdab nan tout eta a, sa gen ladan 10,000 avèk sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Bidjè egzekitif ane fiskal 2024 Gouvènè a gen ladan Akò Lojman New York la, yon estrateji nan tout eta a pou fè fas a kriz lojman New York la nan konstwi 800,000 nouvo kay pandan pwochen deseni an pou satisfè mank istorik la. Bidjè egzekitif la kontinye 128 milyon dola nan finansman kapital pou Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri a.

Pwojè ki resevwa finansman yo gen ladan:

- **The Salvation Army** te resevwa 10 milyon dola pou ede konstwi 32 inite ki gen ladan 80 kabann lojman ijans pou fanmi sanzabri yo nan Buffalo. Nouvo abri sa a pral ranplase abri Salvation Army ki gen 77 kabann ki egziste deja epi ki sitiye sou yon lòt teren, kidonk pa gen okenn rezidan yo pral deplase pandan konstriksyon an. Premye etaj nouvo bilding lan pral genyen biwo sèvis administratif ak sipò ak yon enstalasyon lesiv.
- **The Bridge, Inc.** te resevwa 3.1 milyon dola pou ede konstwi yon bilding 51 inite lojman sipò pèmanan nan Bronx pou 12 adilt frajil ak aje ak 39 moun ki gen pwoblèm maladi mantal, kote yo tout fè fas ak sitiyasyon sanzabri. Sèvis sipò ke yo dwe bay rezidan yo enkli jesyon ka, entèvansyon nan kriz, sèvis edikatif ak pwofesyonèl, ak aktivite fòmasyon konpetans lavi chak jou, pami lòt yo.
- **Rescue Mission of Utica** te resevwa 100,000 dola pou fè reparasyon ijans nan abri ijans 59 kabann li nan Utica, ki gen ladan ranplasman fenèt, travay mason ak penti eksteryè bilding lan.
- **United Christian Advocacy Network City Mission** te resevwa 100,000 dola pou ranplase yon sistèm chofaj demode nan abri ijans li ki gen 17 inite ak 29 kabann nan Jamestown.

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare, "Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri a jwe yon wòl enpòtan nan devlopman lojman pèmanan ki bay sipò, men tou bay finansman kapital ki enpòtan anpil pou konstwi, reyabilite ak repare abri ijans yo. Gouvènè Hochul angaje l pou l konbat kriz sanzabri ak lojman nan New York epi pwojè tankou sa yo fondamantal pou efò sa yo".

Direktè Operasyon The Salvation Army Konte Erie a, Majò Annette Lock, te deklare, "The Salvation Army nan Buffalo rekonesan pou opòtinite pou l fè patenarya ak Gouvènè Hochul, Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape, ak patizan kominotè nou yo pou konstwi Abri Familyal Ijans Hope on Main. Etablisman sa a pral bay yon espas ki an sekirite, pwoteje, ki pote espwa kote fanmi ki vilnerab yo pral non sèlman gen yon kabann cho ak repa nourisan, men yo ka jwenn aksè nan yon seri sèvis ki nesèsè pou yo leve tèt yo soti nan kriz pou ale nan estabilite. Finansman pou konstriksyon nouvo sant sa a ki soti nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri yo pral asire kontinyasyon tradisyon swasant ane Salvation Army pou sipòte granmoun ak timoun ki pa gen ase resous nan Konte Erie nan vwayaj yo pou jwenn yon lojman ki estab ak pèmanan".

Vis Prezidan Prensipal pou Devlopman Lojman The Bridge, Inc., Carole Gordon, te deklare, "The Bridge bat bravo pou efò Gouvènè a ak Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri a paske y ap konbat pwoblèm sanzabri, bezwen pou lojman abòdab, ak enpòtans fon Eta sa yo. Lajan sa yo pral ede nou bay Nouyòkè ki vilnerab yo lojman ak sèvis abòdab ki an sekirite ki pral adrese sitiyasyon sanzabri alontèm pou adilt ki gen maladi mantal grav ak granmoun aje ki frajil/andikape yo. Anplis 51 inite sipò pèmanan

pou adilt ki se ansyen sanzabri ki gen bezwen espesyal ke finansman HHAP a pral sipòte, bilding lan pral loje 14 granmoun aje nan kominote a ki gen revni ba ki gen risk pou tonbe nan sityasyon sanzabri. Nou espere kòmanse konstriksyon an nan yon ti tan".

Direktè Egzekitif Rescue Mission of Utica, Inc., Wendy R. Goetz, te deklare, "Rescue Mission of Utica ekstrèmeman rekonesan pou angajman Gouvènè Hochul te pran pou l bay finansman pou ede elaji ak prezève lojman ijans ak sipò pèmanan pou moun ki nan sityasyon sanzabri. Finansman sa pral pèmèt nou fè reparasyon ki nesèsè nan abri 59 kabann nou an".

Direktè Egzekitif United Christian Advocacy Network City Mission, Aaron Wadin, te deklare, "Pwogram sa a ki soti nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri a ap itilize pou ranplase ansyen sistèm chofaj nou an pou abri nou pou gason sanzabri yo. Sa a se yon gwo benediksyon ak yon repons lapriyè paske li pral pèmèt nou kontinye sèvi envite nou yo nan yon abri cho pandan mwa ivè sa yo, epitou pou bay klimatizè nan bilding lan, pou premye fwa nan istwa misyon sa a isit la nan Jamestown, pandan mwa ete cho yo".

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri an ap bay sibvansyon ak prè kapital pou kòporasyon san bi likratif yo, òganizasyon charitab ak relijye yo, ak minisipalite yo pou yo ka achte, konstwi, oswa repare lojman pou moun ki pa kapab jwenn lojman ki adekwat san asistans espesyal yo. Yo te bay sibvansyon yo atravè yon pwosesis konpetitif ki te fèt pa Kòporasyon Lojman ak Asistans pou Moun ki Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Corporation, HHAC) nan Eta New York, ki se yon kòporasyon avantaj piblik ki gen pèsònèl Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape a.

Atravè pwogram sa a, Eta New York afekte plis pase 1.5 milya dola pou devlopman lojman sipò. An total, pwogram nan te kreye plis pase 25,000 inite lojman pou sipòte moun ak fanmi k ap fè fas ak sityasyon sanzabri yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)